

## Kijan Pou-w Trete yon Moun ki Enfekte ak Lagrip

### Repo, Likid, Obsèvasyon

- Li trè enpòtan pou li jwenn **Repo**. Mete moun ki malad la alèz, jan sa posib.
- Bay moun lan anpil **Likid** pou l bwè.
  - Ofri li ti kantite likid souvan, menmsi moun ki malad la pa santi li anvi bwè.
  - Siveye si li pa gen siy li dezidrate. Yon moun ki dezidrate gen dwa gen feblès oswa pa reyaji rapid, oswa li fè tikras pipi sèlman.
  - Al gade « Seksyon osijè Likid ak Nitrisyon » ki annapre a pou jwenn enfòmasyon osijè sa pou w fè si pasyan an ap vomi.
- **Obsève** si gen konplikasyon. Rele doktè a touswit si moun ki malada la :
  - Gen difikilte pou respire oswa respirasyon li rapid
  - Koulè po oswa lèy li gen koulè ble
  - Kòmanse touse san
  - Ap plenyen li gen doulè oswa presyon andedan pwatrin li
  - Gen siy dezidratasyon e li pa kapab bwè ase likid
  - Sanble li gen konfizyon oswa li pa reponn nòmman
  - Gen tranbleman
  - Vin pi grav apreli sanble li tap amelyore
  - Se yon tibebe ki gen mwens pase 2 mwa ki gen lafyèy, ki pa manje byen, ki fè pipi mwens pase 3 fwa pa jou, oswa lòt siy maladi

### Medikaman

- Pran ibuprofèn (Advil® oswa Motrin®) oswa acetaminofèn (Tylenol®) oswa lòt mezi pou lafyèy, malgòj ak si w gen yon malèz jeneralize.
- Pa bay timoun oswa jennjan aspirin si yo enfekte avèk enfliyenza paske li kapab lakòz sendwòm Reye, ki se yon maladi ki kapab touye moun.

### Likid ak Nitrisyon

- Si moun ki malad la pa manje okenn manje ki solid, mete likid ki gen ladann sik ak sèl, tankou bouyon, bweson espò (dilye mwatye mwatye nan dlo) ak bwason gazèz, men pa bay li okenn bwason pou rejim.
- Si pasyan an ap vomi, pa bay li okenn likid oswa manje pandan omwens lèdtan. Apre sa ba li yon ti kantite likid klè, tankou te, dlo oswa pipòp. Kite lestomak li repoze pandan lèdtan apre chak fwa moun lan vomi anvan ou ba li plis likid.
- Tibebe kap pran tete e kap vomi kapab kontinye pran tete, men ti kantite lèt manman an sèlman.

Si w bezwen plis enfòmasyon detaye, tanpri ale nan :

[http://www.cdc.gov/h1n1flu/guidance\\_homecare.htm](http://www.cdc.gov/h1n1flu/guidance_homecare.htm) oswa <http://www.ct.gov/ctfluwatch>